ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№205 (23.613) ● 2017 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 26, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІуэкІуэ Ю. А. хэтащ икІи къыщыпсэльащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу КИФЩІ-м щыІэм егъэщІылІа Советым щІыхухэм я хуитыныгъэхэр къахуэзгъэпэщыным теухуауэ ригъэкІуэкІа зэІущІэм

Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм щыІэм и деж къыщыщэгъэпэщащ социально-экономикэ ІэнатІэхэм щІыхухэм я хуитыныгъэхэр къащыхуэзгъэпэщыным теухуа Іуэхугъуэ зыбжанэм.

ОКРУГЫМ хыхьэ щІыналъэхэм улахуэмкІэ ятелъ щІыхуэхэр гъэмэщІэным, унэ хуащІыну къагъэгугъуэ захъшэ къызІэхахьу къагъэпцІэжахэм я Іуэхуэхэр зэхэгъэкІауэ, Іэмал зэрилэкІэ защІэгъэкъуэным, апхуэдэуи жьы дыдэ хъуа унэхэм щІэсхэр къыщІэгъэпхъуКІыным теухуа Іуэхуэхэр щызэпкърахащ зэІущІэм.

Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым хыхьэ щІыналъэхэм улахуэмкІэ ятелъ щІыхуэхэр гъэмэщІэным хуэгъэзауэ щыІэ хэкІыпІэхэм тепсэлъыхьыным и пэ къихуэу, Урысейм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу округым щыІэ Белавенцев Олег жиІащ дэтхэнэ зы лэжьапщІэ ягъэгувами и щыбагъ щІыхуэ гъащІэ къыздыдэтыр, ІэнатІэ зытхэм я зэрэзекІэ зи унагъуэхэр зыхуэи хуэзымыгъэзэфхэр зэрыщыІэр зыщагъэгъупщэ зэрымыхъунур.

«Дэтхэнэ щІыналъэми и Іэтащхьэм апхуэдэ Іуэхуэхэр и нэІэ щІигъэтын хуейуэ къызолъытэ сэ. ИкІи мыбдежым ІэхъуэгъуэтегъэкІ лъэпкъ къыщыбгъэхъу хъунукъым», - жиІащ полномочнэ лІыкІуэм.

Абы къыхигъэщхьэхуКІащ щІыхуэхэм я лэжьапщІэхэр зэрагъэувам пыща Іуэхуэхэр щІыналъэм щынэхъ гугъуэхэм ящыщу къыздэрыгэжьыр, абы фІы и лъэныкъуэкІэ тІэкІу зихъуэжами.

Лэжьыгъэмрэ щІыхуэхэм ІэнатІэ ятыныммкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэмрэ Урысейм Статистикэмкіэ и къэрал комитетымрэ къыззратамкІэ, жэпуэгъуэм и пэщІэдзэм ирихьэлІэу КИФЩІ-м улахуэмкІэ щателъ щІыхуэр сом мелуан 356,5-рэ мэхъу. Абыхэм ящыщу щІыхуэ нэхъыбэ ятелъщ Ставрополь крайм, Дагъыстэн, Осетие Ищхьэрэ - Алание республикэхэм.

ЗэІущІэм къыщыпсэлъахэу УФ-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дзІэпыкъуныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ Лекарев Григорийрэ Лэжьыгъэмрэ щІыхуэхэм ІэнатІэ ятыныммкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и унафэщІым и къуэдзэ Шкловец Иванрэ КИФЩІ-м хыхьэ дэтхэнэ щІыналъэми абыкІэ я Іуэху зытетым щхьэхуэу я гугъу ящІащ.

КІуэкІуэ Юрий къызэхуэсахэм гу лъаригъэтащ щІыналъэхэм улахуэмкІэ щІыхуэр зэрызытрагъэкІыж щІыкІэр, дэтхэнэми и Іуэху зыІутыр щхьэхуэу къэрэгъэнІуауэ, къэгъэльэгъуэным хуэкІуэн зэрыхуейм.

Унэ хуащІыну къагъэгугъуэ захъшэ зыІэщІагъэкІыу къагъэпцІэжахэм я Іуэхуэхэм хэпльэным и пэ къихуэу, Белавенцев Олег къыхигъэщащ а Іуэхур къэралым и Унафэщым и нэІэ зэрыщІэтыр икІи зэхалъхьа план-графикхэр и чэзум яІэзэщІэну къыхуриджащ, Президентым пщэрыльх къаззрыщищІам тету. Къэралым и Президентым къалэну къигъэуващ къагъэпцІажэм я Іуэхуэхэр здынэсам езы цІыхуэхэр щІэх-щІэхыуэр щыгъуаазэ ящыну икІи псэупІэ унэ ирагъэухуэн мурадкІэ зи мыльку абы хэзылъхьахэм я хуитыныгъэхэр къыщыІэзэпауд къамыгъэхъуну.

«Ныкъэущу къагъанэу хыІфІадзэжа унэхэр, зи псалъэм тумыгъуэтэж ухуакІуэхэу хамэ мыльку зэзыхьэлІэу зызыгъэпщкІужахэр - а псоми цІыхуэхэр Іуагъэщт зэдзейуэ зэгуэхэу унэ ящыН ІэнатІэм, апхуэдэ щІыкІэкІи щІыхуэхэм я псэупІэр ирагъэфІэкІуэныммкІэ яІэ Іэмалыр ІэщІахьыу», - къызэхуэсахэм тригъэчыныхьу гу лъаригъэтащ Белавенцев Олег икІи округым хыхьэ щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэр къыхуриджащ а Іуэхум гулъытэ хэха хуащІыну.

УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу КИФЩІ-м щыІэм и Аппаратым и пресс-Іуэхущ1апІэм къитащ.

2017 гъэм и бжьыхьэм щІыхуэхэр дзэ къулыкъум гъэкІуэныр къызэгъэпэщыныммкІэ лэжьыпхъэхэм я Іуэхуэкіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

«Дзэ къулыкъур ехьэжІныммкІэ къалэныр дзэ къулыкъумрэ я Іуэхуэкіэ» Федеральнэ законым ипкъ иткІэ икІи 1990 - 1999 гъэхэм къалъхуахэу зи ныбжьыр илъэс 27-рэ иримыкъуахэр, запасым щымыІэхэр 2017 гъэм и бжьыхьэм дзэ къулыкъум гъэкІуэныр къызэгъэпэщын мурадкІэ **унафэ сощІ:**

1. Къэщтэн мы Указым щІыгъуэху:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхуэхэр дзэм зыгъакІуэ и комиссэм хэтхэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щІыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ щІыхуэхэр дзэм зыгъакІуэ я комиссэхэм хэтхэр;

дзэм къулыкъу щащІэн папщІэ 2017 гъэм и бжьыхьэм ираджэн хуей щІыхуэхэм я уэзнышагъэр къыщащІытэ, абыхэм ящыщу сымаджэхэр щагъэхъуж медицинэ Іуэхущапіэхэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щІыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ я щІыпІэ самоуправленэм и органхэм чэнджащ етын, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэзэщ1акІуэ властым и органхэм ящІыгъуу, 2017 гъэм и бжьыхьэм щІыхуэхэр дзэ къулыкъум гъэкІуэныр ягъэува пІалъэхэм къриубыдэу къызэрагъэпэщыну.

3. Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм чэнджащ етын дзэм кІуэну щІыхуэхэр щызэхуашэ, республикэм и гущІ гъэгу станцхэу, автовокзалхэу командэхэр щрагъажьэ махуэкІэ дзэ къулыкъум ягъэкІуэнуэр щызэхуашэсхэм жылагъуэ хабзэр ягъэзэщІэныр къызэригъэпэщыну.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкіэ и министерствэм хуэгъэувын щІыхуэхэр дзэ къулыкъум зэрагъакІуэ щІыкІэр щІыхуэбэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм къыщагъэлъэгъуэныр къызэригъэпэщыну.

5. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий.

Налшык къалэ
2017 гъэм фокІадэм и 25-м
№127-УГ

● Тхьдэ напэкІуэцІхэр

БлэкІамрэ нобэмрэ зэпызыщІэ гуфІэгъуэ

КЪБР-м и Премьер-министр Мусуков Алий иригъэкІуэкІа зэІущІэм щыхэплъащ ди къэралым комсомольр (ВЛКСМ-р) къызэрыщызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъум ехьэлІауэ КЪБР-м и Правительствэм 2017 гъэм гъатхэпэм и 27-м къыдигъэкІа унафэ №173-рп-р зэрагъэзащІэм.

ЗЭХЫХЬЭМ къыщыпсэлъащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщі **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ, егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и министр **Емуз Нинэ**, «Къэбэрдей-Балъкъэрым и комсомолым и ветеранхэм я совет» зэгуэныгъэм и тхьэмадэ **Жыджэт Александр**, КЪБР-м ЦІыхуэхэм я хуитыныгъэхэмкІэ и уполномоченнэ **Зумакулов Борис** сымэ, нэгъуэщІхэми.

Правительствэм и Унафэщым къихигъэщхьэхуКІаш комсомолым хэтахэр къэралым жыджэру зэрыхуэлэжьар.

- СССР-м щыпсэуахэм ящыщу цІыху мелуан 200-м нэблагъэр зэгуэрым ВЛКСМ-м и сатырхэм хэтащ. Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм абыхэм ящыщу цІыху мини 3,5-м щІигъур Совет Союзым и ЛІыхъужь хуэдизу, мелуани 3,5-м орденхэмрэ медалхэмрэ къыхуагъэфэщащ. Мамыр лъэхъэнэм комсомол ныбжьыщІэхэм я гуащІэ халъхьащ СССР-м щекІуэкІа ухуэныгъэшхуэ псоми, - жиІащ Мусуков Алий.

Емуз Нинэ тепсэлъыхьащ комсомолыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 щрикъум ирырагъэхьэлІэну гуфІэгъуэ Іуэхуэгъуэхэр зыхуэдэнуми, ахэр тІуэу зэщхьэщхьауэ зэрыщытынуми. Къэдгъэлъагъуэмэ, апэр - 2017 - 2018 гъэхэм и кІыхьагъкІэ ирагъэкІуэкІынуэращ, етІуанэр - 2018 гъэм, езы махуэшхуэм хуэзэу, ягъэзэщІэнухэращ.

- ЕтІанэгъэ и жэпуэгъуэ мазэм и 29-м илъэси 100 ирокъу ди къэралым ВЛКСМ-р къызэрыщызэрагъэпэщ. Абы ирихьэлІэу дэ едгъэкІуэкІынущ тхыгъэ кІащІ щыкІуэхэм, дгъэлъэпІэну Іуэхуэгъуэм теухуауэ ягъэхьэзырахэм, я зэхьэзэхуэхэр, «Мэхьыч плъыжь» макъамэ-литературэр фестивалыр, нэгъуэщІхэри. «Комсомолым сытым щыгъуи сэ сыхэтщ» зи фІэщыгъэ зэхьхьэм щызэпеуэнущ хэкупсэ, щІалэгъуалэ уэрэдхэр зыгъэзащІэхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и комсомолым и тхьдэм траухуэнущ сурэт гъэльэгъуэныгъэр, видео-роликхэр. ШколакІуэхэр я зэфІэкІым щеплъыжьнущ «Комсомолыр си адэ-анэхэм, адэшхуэхэм, анэшхуэхэм я щІалэгъуэщ», «Си адэ-анэхэм я пионер сабиигъуэр», «Комсомолым хуагъэфащэ дамыгъэхэр» творческэ зэпеуэхэм, нэгъуэщІхэми.

Къалэхэмрэ районхэмрэ я администрацэхэм, комсомолым и ветеранхэм я щыпІэ советхэр я ГъусэУ, махуэшхуэр зэрагъэлъэпІэну Іуэхуэгъуэхэр зыхуэдэр къыщыгъэлъэгъуа тхылъхэр ягъэхьэзыр.

Жыджэт Александр къыщыпсалъэм, къызэхуэсахэм ягу къигъэКІыжащ комсомолым хэтахэм ящыщу Хэку зауэшхуэм хэкІуэда ди лъахэгъуэм я фэеплъыр здэщытыну щІыпІэр екІуу зэлъыІухын зэрыхуейр.

Зумакулов Борис къыхигъэщхьэхуКІащ зи гугъу ящІ гуфІэгъуэр дгъэлъапІэкІэрэ, дэ къэралым и тхыдэм пщІэ зэрыхуэтщІыр къызэрыдгъэлъагъуэри ди япэ итахэмрэ къытщІэхъуэ щІэблэмрэ я зэпыщІэныгъэр а ІуэхуэгъуэмкІэ зэрыдгъэбыдэри. Абы къыхилъхьащ Налшык и Комсомол аллеемрэ Комсомол хыжьеймрэ нэхъапэм зэрыщытахэм нэхърэ нэхъ дахэжу зэфІэгъэувэжьын зэрыхуейр.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

НОБЭ

♦Тхьилъымпіэр зэгъэзэхуэным и урысейпсо махуэщ

♦Австрие Республикэм и лъэпкъ махуэшхуэщ - я щхьэхуитыныгъэм и махуэщ

♦1824 гъэм Москва Театр ЦІыкІур къыщызэІуахащ.

♦1861 гъэм Германием щыщ Рейс Филипп телефоныр кІигупсысащ.

♦1863 гъэм Лондон дунейм щыяпэу къыщызэрагъэпэщащ Инджылызым и футбол командэхэм я зэгухэныгъэр. Абы хьихат къалащхьэм и футбол клуб пщыкІуэ.

♦1941 гъэм Хэку зауэшхуэм хэкІуэдащ сабий тхакІуэ, «Комсомольская правда» газетым и корреспондент Гайдар Аркадий.

♦1942 гъэм советыдзэхэр икІуэту Налшык къалэм дэкІын хуей хъуащ.

♦1955 гъэм Ипщэ Вьетнамым и щІыналъэм къыщызэрагъэпэщащ Сайгон зи къалащхьэ Вьетнам Республикэр.

♦1956 гъэм Атом къарумкІэ дунейпсо агентствэр (МАГАТЭ) къызэрагъэпэщащ.

♦1976 гъэм СССР-м и шахпІэхэм бдзэжьейхэкІэхэм фІэкІа щамыпщэфІ махуэ щагъэуват.

♦1978 гъэм Узыншагъэр хъумэныммкІэ дунейпсо зэгухэныгъэм фэрэкІым и вирусыр зэрагъэкІуэдам теухуа хъыбар зэбгригъэхащ.

♦1991 гъэм Тыркумэн ССР-м референдум щекІуэкІащ а республикэр СССР-м хэкІыным теухуауэ. Абы щыпсэухэм я процент 94-м щІигъур арэзы хъуауэ щытащ къэралыгъуэ щхьэхуэ хъуну.

♦Совет дзэзешэ, инженер дзэхэм я генерал-лейтенант **Карбышев Дмитрий** къызэралъхьэ илъэси 137-рэ ирокъу.

♦Франджы политик, а къэралым и президенту 1981 - 1995 гъэхэм щыта **Миттеран Франсуа** къызэралъхьэ илъэси 101-рэ ирокъу.

♦«Красный Кавказ» колхозым и унафэщІу илъэс куэдкІэ щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Тхьэхъуахъуэ Башир** къызэралъхьэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым илъэс куэдкІэ щылэжьа, КЪБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Джэлэс Таужид** къызэралъхьэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, Мэлбахьуэ Тимборэ и цІэр зезыкъэ Лъэпкъ библиотекэм и унафэщІ **Емуз Анатолэ** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Куэтэншы Хьэсэн** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Къэрал къулыкъущІэ, УФ-м и Къэрал Думэм и УнафэщІу щыта **Нарышкин Сергей** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор **Дзыгуанэ Ритэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх тІэкІу къыщежьынущ. Хуабэр махуэм градус 11 - 13, жэщым градуси 8 - 9 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Мардэ зимыІэ щыІэкъым.

МэкъумэшыщІэхэм я ехъулІэныгъэхэр

● АПК

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщІэхэм мы гъэр къызэрихьэрэ консерву зэгухьэзыражащ условнэ банкІ мелуан 300-м нэблагъэ.

ХАДЭХЭКІЫР Іухыжьныимрэ абы елэжьыныимрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпащэ. Нобэр къыздэсым къытрахащ тонн мин 329,3-рэ. Ар нэгъабэрейм еплъытмэ, процент 102,7-рэ мэхъу. Гектарым ику ятекІуэ ІкІ центнери 196-рэ е 2016 гъэм елъытауэ процент 103,1-рэ.

Хадэхэкіымрэ пхъэщхьэмыщхьэмрэ къыхащІыкІащ консерву условнэ банкІ мелуан 300-м нэблагъэ. Ар нэгъабэрейм процент 14-кІэ щІегъу. Псори зэхэту елэжьащ хадэхэкІ тонн мини 170-м.

Хамэ къэралхэм къыщыщІагъэкІэм я пІэ ирагъэувэным ипкъ иткІэ республикэм нэгъуэщІ щІыпІэхэм яригъэшэну и мурадщ условнэ банкІ мелуан 250-м щІигъу. 2016 гъэм елъытауэ ар процент 113,6-рэ мэхъу.

КЪАУДЫГЪУ Заур.

Ухуэныгъэр зэрекІуэкІым щыгъуазэ защІ

«Урысей зэкъуэт» партым къыхилъхьауэ ягъэзащІэ программэм ипкъ иткІэ ЛашкІутІэ къуажэм Щэнхабзэмкіэ унэщІэ щахуэ. А проектыр хуэгъэзащІ щыпсэу щІыпІэхэм дэт къуажэ клубхэмрэ щэнхабзэмкІэ унэхэмрэ я материально-техникэ лъабжьэм зегъэужьыныр ахэр къэгъэщІэрэщІэжьыныр.

ІУАЩХЬЭМАХУЭ щІыналъэм и администрацэм и унафэщІ Залиханов Кьанщобий, КЪБР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и къуэдзэ Ащхъуэт Ритэ, Іуэхущ1апІэхэр уэздгъэзакІэ, газкІэ, псыкІэ къыздэсыгъэпэщ, кІэлъыплъакІуэ ІэнатІэхэм я унафэщІхэр щІигъуу а уэхуэныгъэм кІуэри, лэжьыгъэхэр зэрекІуэкІым щыгъуазэ зищІащ.

Унэр псори зэхэту метр зэбгъуэзнатІэ 428,7-рэ мэхъу. Ухуэныгъэмонтаж лэжьыгъэхэр иджырей технологиехэм тету икІи фІагъ лъагэ яІэу ирагъэкІуэкІ. Апхуэдэ Іуэхущ1апІэхэр къызэрызэрагъэпэщ Іэмэпсымэ псори иІэнущ унэщІэм, абы зи Іэпкълъэпкъыр хуиту къызыдэмывбзэхр зыхуеинуэрэи хэту. Абы и пэшышхуэм театрхэм щІэт шэнт тыншхэм хуэдэхэр щІагъуэвэнущ.

Ухуэныгъэм трагъэкІуадэ мылькур федеральнэ, республикэ мылькум къыхокІ. Щэнхабзэмкіэ унэщІэр лажьэу ягуІыпщІыну я мурадщ дыззрыт илъэсым и кІэм ирихьэлІэу.

ТАРИМ Алисэ.

● «Адыгэ псалъэр» къыхызох

Пхъуантэм дэхуэжтэкъым

«Адыгэ псалъэ» газетым си сабиигъуэр, си гъащІэм и лъэхъэнэ нэхъ ІэфІ дыдэр сигу кьеГъэкІыж. Си адэшхуэм газетыр махуэ кІэс кІыхуахьыр. Дадэ ар зы тхыгъэ къимыгъанэу щІиджыкІыр- ти, абы кърихам нанэрэ абыра тепсэлъыхьыжьыр. Сэ ар сфІэгъэщІагъэуэн дыдэу седалуэрт, зызущхъуэрти. Гъэщ1эгъэныракъэ, мазэ-мазэкІэ зэхэдзауэ, хуэсакъыпэу щихъумэрт абы хуэхэа пхъуантэ щхьэхуэм. УкъигъуІэбжьырт абы газетэ зыхуихьэсар щыплъагъуКІэ - илъэс бжьыгъэкІэ ихьума кьыдэкІыгъуэхэр пхъуантэм дэхуэжтэкъым. ИужькІэ ЗэкІэ щІыкІуэ щІыкІэкІэ и лъэпкъым, и анэдэлъхубзэм яхуищІ пщІэр кьигъэльэгъуэу арат. Сэ ар щапхъэ уасэншэ схуэхъуащ икІи си нэхъыжь лъапІэм дэслъэгъуа хьэлым сызэрытемыкІыным яужь ситу сыкьогъэгурыкІуэ.

Дауи, балигъыпІэ сызэриувэрэ, «Адыгэ псалъэр» си унагъуэ икІыркъым, зэпымычуи Іэ тызодзэ. Щэч хэмылъу, лъэпкъым и набдзэщ мы газетыр икІи фІыщІэ лей хуэсщІыну сыхуейт илъэс 20 хъуауэ «Адыгэ псалъэм» и редактор нэхъыщхьэ къулыкъур езыхьэкІ ХьэфІыцІэ Мухьэмэд. Щэнхабзэм, хабзэм, бзэм, щІыуэпсым, политикэм, тхыдэм, жылагъуэм теухуа тхыгъэ купщІафІэкІэ гъэнщІа, адыгэбзэкІэ къыдэкІ газетым Мухьэмэдрэ абы щылажьэхэмрэ ягуРа я псэрэ халъхьэу къысщохъу. Республикэм и иужьрей хъыбархэр, чэнджэщ уасэншэхэр, тхыгъэ гъэщІэгъэнэхэр, нэгъэзыужь псалъэзэблэдзэхэр сыт и уасэ!

Сэ быдэу си фІэщ мэхъу «Адыгэ псалъэ» газетыр щыІэху ди лъэпкъри зэрыщыІэнур, адыгэбзэкІэ зы тхыгъэ кІапэ дунейм тетыху, дэри дызэрымыкІуэдыжьынур. ФІыщІэ хуэсщІыну сыхуейт фІыуэ тлъагъу газетым елэжь, си гуащІэрэ лъагъуныгъэрэ хэзылъхьэ дэтхэнэ зыми.

ПЩЫХЬЭЩІЭ ФатІимэ.

«Адыгэ псалъэм» и ныбжьэгъуфІхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2018 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм унэм ныфхуахьыну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щІэдзыныр зэрекІуэкІыр.

Ди газетым илъэс ныкъуэм и уасэр сом 815-рэ кІэлІейкІи 10-рэщ.

Ди индексыр 51531

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм бззэрхэм я лэжьыгъэр щыз этеухуэным теухууэ»
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуки Iэ»
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым ехьэлIауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щI**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм бззэрхэм я лэжьыгъэр щыз этеухуэным теухууэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуки Iэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. Мы Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьан, Iэ тридзэн икIи хэIущIыIу ищIын папщIэ.

3. Мы унафэм къару егъуэт ар къэщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2017 гъэм фокIадэм и 22-м
№740-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхухэм псэупIэхэмрэ коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэхэр щаткIэ субсидиехэр яхуэхъянымкIэ яIэ хуитыныгъэхэр зыхуэдэр зыхуэдэр ягъэрацIытэ мардэхэу 2017 гъэм ягъэувахэм я Iуэхуки Iэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

№165-ПП
2017 гъэм фокIадэм и 7-м *Налшык къалэ*

Урысей Федерацэм и ПсэупIэ кодексым и 159-нэ статьям, «ПсэупIэхэмрэ коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ я пщIэр ятын папщIэ субсидиехэр зэрыхуагъуэр щIыкIэм и Iуэхуки Iэ» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2005 гъэм дыгъуэзэм и 14-м къыдигъэкIа унафэ №761-м ятепкIи, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм унафэ щIи:

1. ПсэупIэм ибыдэ щIыпIэм и пщIэмрэ коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэмрэ щаткIэ, зы цIыхуэ тещIыхьауэ субсидиехэр зэрыхуагъуэр мардэхэр:

зи закъуэ псэу цIыхуэ - метр зэбгъуэзанатIэ 33-м;

цIыхуитI хъу унагъуэм папщIэ - метр зэбгъуэзанатIэ 21-м;

цIыхуищ хъу унагъуэм папщIэ - метр зэбгъуэзанатIэ 18-м;

цIыхуиплI хъу унагъуэм папщIэ - метр зэбгъуэзанатIэ 15-м;

цIыхуитху хъу унагъуэм папщIэ - метр зэбгъуэзанатIэ 12-м;

цIыхуих хъу унагъуэм папщIэ - метр зэбгъуэзанатIи 10-м.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхухэм псэупIэ-коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэр ятын папщIэ субсидиехэр яхуэхъянымкIэ яIэ хуитыныгъэхэр зыхуэдэр къыздэкIуэ мардэу 2017 гъэм ягъэувахэр къэщтэн, мы унафэм и гуэдзэнхэу № 1 - 16-хэм къыздэкIыгъэ зэлъэгъуэм тету.

3. ПсэупIэм ибыдэ щIыпIэм и пщIэмрэ коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэу ятымрэ нэхъыбэ дыдэу и мардэу, унагъуэм иIэ хэхъуэм тещIыхьауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыхуэзэу 2017 гъэм къэщтэн:

зи закъуэ псэу пенсионерхэм е пенсионер зэщхьэгъусэхэм папщIэ - процент 12;

адрей цIыхуэ псоми папщIэ - процент 15.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмкlэ, цIыхуэхэр Iэнатlэкlэ къызэгъэпэщыныкъэ социальнэу ядэIэпыкIуэныкIэ и министерствэм къызэригъэпэщын хуейщ мы унафэм и 3-нэ пунктым къышыгъэльэгъуа цIыху гупэхэм псэупIэм ибыдэ щIыпIэм и пщIэмрэ коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэмрэ щаткIэ субсидиехэр ирикъуу яхуиГъэувыну, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2017 гъэм тещIыхьа и республикэ бюджетым и «Социальнэ политикэ» и Iыхьэм къыздэрыщIыгъэльэгъуэм хуэдэу икIи абы къыхэкIыу.

5. Мы унафэм къару егъуэт ар официальнэу къытрадзэу махуипщI дэкIа нэужь икIи яхуэгъэзащI 2017 гъэм щIышылэм и 1-м къыщыщIэдзауэ къаIэта Iуэхуэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ МУСУКОВ Алий.

Ди республикэм дапщэщи мэл гъэхъуным гулъытэшхуэ щыдэлъщIу къекIуэкIащ. Псом хуэмыдэу, гъавэ щIапIэхэр щымащIэ бгылъэ, жьэгъущIэс щIыпIэхэм ахэр хуэду щаIыгът. Сыту жыпIэмэ. Iэщыщхуэр тыншу зыгъэзыру къэкI уда зэмылIэужьыгъуэ 600-м щыIэ Iэмэ, хъулIэ мэлым ешх. Жэмым ишхыр 86-рэ, шым - 92-рэ, Академик Николаев А. И. къызэрихутамкIэ, хъунгъалIэ (полынь) лIэужьыгъуэ 91-м щыщу жэмым ишхыр 24-рэ, шым - 39-рэ, 46-р мэлым Iэрохьэ. НэгъуэщIу жьы Iэмэ, хъулIэ мэлым къыщыкI удэхэм щымащIэ дыдэщ. Хуащ хъулIэ псэущхьэу къыщIалъытэри.

АПХУЭДЭУ продукцэ лIэужьыгъуэу къыпхыкIым хуэдиз адрей Iэщхэм къыдатыркъым. КъищынэмыщIауэ, мэлылымрэ мэлыншэмрэ фIагъкIэ япэхъун къэгъуэтыгъуейщ, я уасэкIи дунейпсо бззэрым щынэхъ лъапIэхэм ящыщщ.

И лым и фIагъыр и щэ дагъэм холестерину хэлъыр зэхуэдизым кIэ къальытэ. АбыкIэ мэлылым къыпэхъун къэгъуэтыгъуейщ. Былымылым и щэ дагъэм холестерину процент 75-рэ, кхъуэлым ейм 120-м нэблагъэ хэлъмэ, мэлым и щэ дагъэм ар зэрыщыхъур процент 29-ращ. Мэлылым и фIагъым хэзыгъахъуэр адрейхэм къаришцхэщыкIыу лецитин зэрыхэлъырщ (мэлышэм ар хэлъщ). Лецитиным и фIыгъэкIэ, цIыхум и лым хэлъ холестериныр нэхъ лъаги нэхъ лъахъши хъуркъым. Дохутыркъэм къыздэралъытэмкIэ, апхуэдэ ерыскъыу узынишэхэм я фIыгъэкIэ, Кавказым и цIыхухэр нэхъыбэрэ мэпсэу. Пэж дыдэуи, мэлышэм кхъухащIыкIхэм хуэдэу щIэупщIэ зиIэ, цIыхум и узынишагъэм сэбэпышхуэ хэхъуэ щхьныгъуэу щыIэр мащIэщ. Апхуэдэщ кхъуейр, кхъуейлъалъэр, йогуртыр, нэгъуэщIхэри. Мэлышэм къэхащIыкIа ерыскъыр сабийхэмрэ жьыкIэфэкIэмрэ я дежкIэ хуабжьу сэбэнщ. Ди япэ ита нэхъыжьхэр абы фIыуэ щыгъуаззт. Ауэ мэлым и къэшыкIэм, мэлышэм и къэуатыр зыхуэдэм кууэ хэзыщIыкIыр хуабжьу мащIэ хъуащ. Зызыужьа Европэ къэралхэм мэлышэм нэхъ гулъытэ щыхуащI икIи фейдэ пылъу къаГъэсэбэп. Псалъэм папщIэ, алергие зиIэ сабийхэр мэлышэкIэ яГъэужь. Зи ныжьбжь хэкIуэтэн операцэ ящIахэм, къаруншэу хъуахэм абы нэхъ псынщIэу зыкърегъэужьыж.

Адыгэхэми балъкъэрхэми къэуат зыщIалъ шхыныгъуэ гурыхь куэд мэлылым къыхащIыкI. Апхуэдэщ мэлылым гъэвар, тебэкIэ гъэжьар, дзасэкIэ гъэжьар, лыцыкIулыбжьэр, мэл кIапэ гъэжьар е гъэвар, жэрумэр, тхьэмшыгъуныбэр, щхьэ-лъакъуэ гъэвар, нэгъуэщIхэри. Ауэ а ерыскъыгъуэхэр мы зэманым щIагъуэу зыкIэгъэсэбэпыжьыкъым, я гъэхъэзырыкIэм хуэIэзэу щытахэри мащIэ хъуащ. Мэл ныкIмэ, кIэущфэцIри, щхьэ-лъакъуэхэри щыхьфIадзэр нэхъыбэщ, егупсыу зэрахьэу къекIуэкIами.

Мэлхэр тэмэму къащщыжрокъым, мэлыщымрэ мэлыфэмрэ я пщIэр ехуэхащ. Къэралым уасэ езэгъыраб гъуэкIэ зэрыIимыхьжым къыхэкIыу, цIыу къатекIри зыхуэдэкIэ зэхадзыжыркъым. Цымрэ фэмрэ къыщIахьэр илъэсым мэлым текIуадэм щIигъу щытамэ, иджы, лы уасэри зэтыжу, халъхьэр къаритыж къудейщ. Дауи, апхуэдэ защIэу екIуэкIынукъым. Сыту жыпIэмэ, мэлыщи мэлыфэми щIэупщIэшхуэ иIэщ. Абы къыхащIыкI узынщагъэр зыхъумэ икIи езыгъэфIакIуэ щыгъын екIу зэмылIэужьыгъуэхэр. Медицинэм къыззэрихутамкIэ, мэлыщымрэ мэлыфэмрэ къыхэщIыкIа щыгъыным хуэдэу цIыхум и узыншагъэр зыхъумэ къэзгъуэтыгъуейщ. Псалъэм папщIэ, цы зыгет мэлыфэр е мэлыщ дыдэр гъэхъэбзэу щыфэм теплъхьэмэ, лимфademит узыр ергъэхъуж, къупщхь зэрытыпIэхэм ревматизмэр щегъэувыIэ.

Мэлыщым хэт жиропотым и щэм ланолин зэрыхэлъым куэд щIауэ гу лъатащ - ар щэ гъэкъэбзащ, фармацевтикэ, косметикэ промышленностым зыуБгъуэуэ къыщагъэсэбэп. Апхуэдэу ИлэгъэкIэ, къупщхь къутахэр нэхъ псынщIэу егъэхъуж. Ланолин зыхэлъ мазым щIыфэр радиацэмэ щеГъэхъумэ. КъищынэмыщIауэ, мэлыщымрэ мэлыфэмрэ къыхащIыкI щыгъынэм аллергие зиIэхэр къашэркъым. Абы тепсэльыхьыр, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь, академик Мороз В. А. мыпхуэдэу итхащ: «Цым къыхащIыкIыу щта щыгъынэр иджы синтетикэ пудкIэ зэрахъуэкIащи, цIыхуэр узэмышажжкъым. КъызэрахутамкIэ, синтетикэм къыхащIыкIа хъэпшыпхэм аллергие уз зэмылIэужьыгъуэу 100-м щигъу къыхокI, абыхэм ящыщщ зэщхьэгъусэхэм сабий ямыгъуэтынри... Цыхум и узыншагъэр зэтезыжьыгъэр мэлыл, мэлышэ щхьныгъуэхэмрэ мэлыщым, щIалъфэм къыщIэкIа щыгъынхэмращ, абыхэм нэхъыбэщ, ахэр зэрызэпхъуэкIыфыни щыIэкъым».

Ди бгылъэ щIыпIэхэм къыщыкI удэ лъагэуэр мэлым хуэдэу фIыуэ зыхъуэкIуф Iэщщэм яхятхьым. Гъавэр щыIуэхыжжкIэ щы щхьэфIакIыгъэ хъэрзэхэмрэ къыпыщащ тхьэмпэ щыкIуэхэмрэ мэлым нэмыщI къабзэу къытезыщипыкIыфи щыIэкъым. Iэщыщхуэр хъупIэм тета нэужьи, а щIыпIэ дыдэм мэлым зигъэнщIу къытрихъуэкIын щегъуэт. Абы къыхэкIыу, Iэщщхуэу зиIэ хозяйствэхэм мэлм ягъэхъуу щытмэ, хъупIэхэми гъавэ щIапIэхэми къат хъерым хэхъуэнущ. АтIэ, апхуэдизэ сэбэпынагъ зыпылъ мэлым сыт хуэфащэ гулъытэ щыIуэхудмыщщIыжьыр? Ар щыуагъэшхуэщ. Республикэм щаIыгъ мэлым я бжьыгъкIи, я фIагъкIи илъэс къэс къэзгъэщIыпхуабжьу си жагъуэ мэхъу. Псалъэм папщIэ, 2015 гъэм елъытауэ мэлым я бжьыгъэм мин 40-м щигъуэкIэ нэгъабэ кIэрыхуащ. НэхъыкIэжьраци, мэл лъэпкъыр егъэфIакIуэным теухуа лэжьыгъэ зыкъом иригъэкIуэкIыжьыным, апхуэдэ лъэхIныгъэ зыбгъэдэлъ зоотехники хозяйствэхэм яIэжькъым. КъБКъМУ-м а Iуэхур Iэщыб ищIамэ, IэщлагъэлIэхр дэнэ къыздикIынур?! Дызыхуэхъуэрацри, илъэс Iэджэкъэ зэфIэдгъэуэн мэл лъэпкъыфIхэри, ахэр щагъэбагъуэу, къыщIалагъэхьу щта заводхэмрэ хозяйствэхэмрэ республикэм иIэжькъым, хъушэхэм лъэпкъ къабзэу зы мэли хэтыжькъым, псори зэхэзэрыхьыжащ, къызытехуэкIахэр haIуэхэм, хъер щIагъуи къыпхэрыкъым. Абы къыхэкIыу, республикэм и Iэщлагъэлъхэр хъуныр щедмыгъэфIэкIуэжу хъунукъым. Япэрауэ, цIыхури, Iэщри зыщIыгугъ щIырэ гъавэ щIапIэу диIэр мащIэ дыдэщ - гектар мин 300 ирикъуркъым. Мэкъумэш щIапIэхэм я бжьыгъэм зимыхъуэжми, илъэс къэс цIыхуэм къахохьэу. Апхуэдэ щытыкIэм къегъэуВ хъупIэхэр егупсысауэ къэгъэсэбэпын хуейуэ. Ахэр ди республикэм гектар мин 360-м щыщIегъу. Къущхьэхъу хъупIэхэм гектар мин 260-рэ яубыд, абы щыщу мини 100-м нэблагъэм мэл фIэкIа щыхэсфIыжьыкъым. Гъэмахуэ лъэхъэнэм абыхэм дэтхэнэ гектарми мэли 4-5 мазиплI нэблагъэкIэ щыпхъуэIыгъынуц. IэщlагъэлIэхм къызэралъытэмкIэ, гъэмахуэ хъупIэхэм, апхуэдизэ щыпхъуэIыгъуейщ. Къущхьэхъум мэлыл хъабзэу ягъэзащIэ. Къущхьэхъум мэлыл ящIэ. Абы къыхащIыкI узынщагъэр зыхъумэ икIи езыгъэфIакIуэ щыгъын екIу зэмылIэужьыгъуэхэр. Медицинэм къыззэрихутамкIэ, мэлыщымрэ мэлыфэмрэ къыхэщIыкIа щыгъыным хуэдэу цIыхум и узыншагъэр зыхъумэ къэзгъэтыгъуейщ. Псалъэм папщIэ, цы зыгет мэлыфэр е мэлыщ дыдэр гъэхъэбзэу щыфэм теплъхьэмэ, лимфademит узыр ергъэхъуж, къупщхь зэрытыпIэхэм ревматизмэр щегъэувыIэ.

Мэлыщым хэт жиропотым и щэм ланолин зэрыхэлъым куэд щIауэ гу лъатащ - ар щэ гъэкъэбзащ, фармацевтикэ, косметикэ промышленностым зыуБгъуэуэ къыщагъэсэбэп. Апхуэдэу ИлэгъэкIэ, къупщхь къутахэр нэхъ псынщIэу егъэхъуж. Ланолин зыхэлъ мазым щIыфэр радиацэмэ щеГъэхъумэ. КъищынэмыщIауэ, мэлыщымрэ мэлыфэмрэ къыхащIыкI щыгъынэм аллергие зиIэхэр къашэркъым. Абы тепсэльыхьыр, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь, академик Мороз В. А. мыпхуэдэу итхащ: «Цым къыхащIыкIыу щта щыгъынэр иджы синтетикэ пудкIэ зэрахъуэкIащи, цIыхуэр узэмышажжкъым. КъызэрахутамкIэ, синтетикэм къыхащIыкIа хъэпшыпхэм аллергие уз зэмылIэужьыгъуэу 100-м щигъу къыхокI, абыхэм ящыщщ зэщхьэгъусэхэм сабий ямыгъуэтынри... Цыхум и узыншагъэр зэтезыжьыгъэр мэлыл, мэлышэ щхьныгъуэхэмрэ мэлыщым, мэлыфэм къыщIэкIа щыгъынхэмращ, абыхэм нэхъыбэщ, ахэр зэрызэпхъуэкIыфыни щыIэкъым».

Ди бгылъэ щIыпIэхэм къыщыкI удэ лъагэуэр мэлым хуэдэу фIыуэ зыхъуэкIуф Iэщщэм яхятхьым. Гъавэр щыIуэхыжжкIэ щы щхьэфIакIыгъэ хъэрзэхэмрэ къыпыщащ тхьэмпэ щыкIуэхэмрэ мэлым нэмыщI къабзэу къытезыщипыкIыфи щыIэкъым. Iэщыщхуэр хъупIэм тета нэужьи, а щIыпIэ дыдэм мэлым зигъэнщIу къытрихъуэкIын щегъуэт. Абы къыхэкIыу, Iэщлагъэлъхэр зиIэ хозяйствэхэм мэлм ягъэхъуу щытмэ, хъупIэхэми гъавэ щIапIэхэми къат хъерым хэхъуэнущ. АтIэ, апхуэдизэ сэбэпынагъ зыпылъ мэлым сыт хуэфащэ гулъытэ щыIуэхудмыщщIыжьыр? Ар щыуагъэшхуэщ. Республикэм щаIыгъ мэлым я бжьыгъкIи, я фIагъкIи илъэс къэс къэзгъэщIыпхуабжьу си жагъуэ мэхъу. Псалъэм папщIэ, 2015 гъэм елъытауэ мэлым я бжьыгъэм мин 40-м щигъуэкIэ нэгъабэ кIэрыхуащ. НэхъыкIэжьраци, мэл лъэпкъыр егъэфIакIуэным теухуа лэжьыгъэ зыкъом иригъэкIуэкIыжьыным, апхуэдэ лъэхIныгъэ зыбгъэдэлъ зоотехники хозяйствэхэм яIэжькъым. КъБКъМУ-м а Iуэхур Iэщлыб ищIамэ, IэщлагъэлIэхр дэнэ къыздикIынур?! ДызыхуэхъуэрацрИлъэс Iэджэкъэ зэфIэдгъэуэн мэл лъэпкъыфIхэри, ахэр щагъэбагъуэу, къыщIалагъэхьу щта заводхэмрэ хозяйствэхэмрэ республикэм иIэжькъым, хъушэхэм лъэпкъ къабзэу зы мэли хэтыжькъым, псори зэхэзэрыхьыжащ, къызытехуэкIахэр haIуэхэм, хъер щIагъуи къыпхэрыкъым. Абы къыхэкIыу, республикэм и Iэщлагъэлъхэр хъуныр щедмыгъэфIэкIуэжу хъунукъым. Япэрауэ, цIыхури, Iэщри зыщIыгугъ щIырэ гъавэ щIапIэу диIэр мащIэ дыдэщ - гектар мин 300 ирикъуркъым. Мэкъумэш щIапIэхэм я бжьыгъэм зимыхъуэжми, илъэс къэс цIыхуэм къахохьэу. Апхуэдэ щытыкIэм къегъэуВ хъупIэхэр егупсысауэ къэгъэсэбэпын хуейуэ. Ахэр ди республикэм гектар мин 360-м щыщIегъу. Къущхьэхъу хъупIэхэм гектар мин 260-рэ яубыд, абы щыщу мини 100-м нэблагъэм мэл фIэкIа щыхэсфIыжьыкъым. Гъэмахуэ лъэхъэнэм абыхэм дэтхэнэ гектарми мэли 4-5 мазиплI нэблагъэкIэ щыпхъуэIыгъынуц. IэщlагъэлIэхм къызэралъытэмкIэ, гъэмахуэ хъупIэхэм, апхуэдизэ щыпхъуэIыгъуейщ. Къущхьэхъум мэлыл хъабзэу ягъэзащIэ. Къущхьэхъум мэлыл ящIэ. Абы къыхащIыкI узынщагъэр зыхъумэ икIи езыгъэфIакIуэ щыгъын екIу зэмылIэужьыгъуэхэр. Медицинэм къыззэрихутамкIэ, мэлыщымрэ мэлыфэмрэ къыхэщIыкIа щыгъыным хуэдэу цIыхум и узыншагъэр зыхъумэ къэзгъэтыгъуейщ. Псалъэм папщIэ, цы зыгет мэлыфэр е мэлыщ дыдэр гъэхъэбзэу щыфэм теплъхьэмэ, лимфademит узыр ергъэхъуж, къупщхь зэрытыпIэхэм ревматизмэр щегъэувыIэ.

Мэлыщым хэт жиропотым и щэм ланолин зэрыхэлъым куэд щIауэ гу лъатащ - ар щэ гъэкъэбзащ, фармацевтикэ, косметикэ промышленностым зыуБгъуэуэ къыщагъэсэбэп. Апхуэдэу ИлэгъэкIэ, къупщхь къутахэр нэхъ псынщIэу егъэхъуж. Ланолин зыхэлъ мазым щIыфэр радиацэмэ щеГъэхъумэ. КъищынэмыщIауэ, мэлыщымрэ мэлыфэмрэ къыхащIыкI щыгъынэм аллергие зиIэхэр къашэркъым. Абы тепсэльыхьыр, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь, академик Мороз В. А. мыпхуэдэу итхащ: «Цым къыхащIыкIыу щта щыгъынэр иджы синтетикэ пудкIэ зэрахъуэкIащи, цIыхуэр узэмышажжкъым. КъызэрахутамкIэ, синтетикэм къыхащIыкIа хъэпшыпхэм аллергие уз зэмылIэужьыгъуэу 100-м щигъу къыхокI, абыхэм ящыщщ зэщхьэгъусэхэм сабий ямыгъуэтынри... Цыхум и узыншагъэр зэтезыжьыгъэр мэлыл, мэлышэ щхьныгъуэхэмрэ мэлыщым, мэлыфэм къыщIэкIа щыгъынхэмращ, абыхэм нэхъыбэщ, ахэр зэрызэпхъуэкIыфыни щыIэкъым».

Ди бгылъэ щIыпIэхэм къыщыкI удэ лъагэуэр мэлым хуэдэу фIыуэ зыхъуэкIуф Iэщщэм яхятхьым. Гъавэр щыIуэхыжжкIэ щы щхьэфIакIыгъэ хъэрзэхэмрэ къыпыщащ тхьэмпэ щыкIуэхэмрэ мэлым нэмыщI къабзэу къытезыщипыкIыфи щыIэкъым. Iэщыщхуэр хъупIэм тета нэужьи, а щIыпIэ дыдэм мэлым зигъэнщIу къытрихъуэкIын щегъуэт. Абы къыхэкIыу, Iэщлагъэлъхэр зиIэ хозяйствэхэм мэлм ягъэхъуу щытмэ, хъупIэхэми гъавэ щIапIэхэми къат хъерым хэхъуэнущ. АтIэ, апхуэдизэ сэбэпынагъ зыпылъ мэлым сыт хуэфащэ гулъытэ щыIуэхудмыщщIыжьыр? Ар щыуагъэшхуэщ. Республикэм щаIыгъ мэлым я бжьыгъкIи, я фIагъкIи илъэс къэс къэзгъэщIыпхуабжьу си жагъуэ мэхъу. Псалъэм папщIэ, 2015 гъэм елъытауэ мэлым я бжьыгъэм мин 40-м щигъуэкIэ нэгъабэ кIэрыхуащ. НэхъыкIэжьраци, мэл лъэпкъыр егъэфIакIуэным теухуа лэжьыгъэ зыкъом иригъэкIуэкIыжьыным, апхуэдиз

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Валдай-2017

ПУТИН Владимир: Урысейр и къэкІуэнум хуэпабгъэу пежьэн папщІэ

УФ-м и Президент Путин Владимир хэтащ «Валдай» дунейпсо клубым и зэІущІэм. Урысейм и Іэтащхьэр тепсэлъыхьащ къэрал зэхущытыкІэхэм хэлъ гугъуехьхэмрэ илъэс къакІуэ хахыну президентым къыпэщылъ къалэнхэмрэ.

УРЫСЕЙ лІыщхьэм и къэпсэлъэныгъэм къыхэкІыгъэщащ нэхъапэм зэпэщІэт лъэныкъуэкъэ зэрызэгурагъэІуэжу щыта Іэмалхэм иджырей дунейм къару зэрыщимыІэжыр. Абы къыхэкІыу къэралхэм къалъыхъуэн хуей мэхъу зэдзэлажьэныгъэ зэхъэзэхуэнымрэ и щытыкІэ нэхъыфІыр. Путиным зэрыжиІамкІэ, «Іуэху епГыкІэхэр зэрызэхуэмыдэм узыпэмылъа гугъуехь шынагъуэхэм ухадзэнкІэ, абыхэм зэпэщІэтыныгъэ гуащІэхэр кьирикІуэнкІэ хъунущ.

«Апхуэдэ щыкІэкІэ зы зэныкъуэкъунагъэ зэпІэзэрыт хъужыныкъым, къэралхэм я зэхущытыкІэхэр екІакІуэну фІэкІа. Мы дунейм шынагъуэншагъэр нэхъ мащІэ щхьэу», - жиІащ Путин Владимир.

Къэралым и Іэтащхьэм къыхигъэщащ зэрызэгурымыІуэ Іуэху псори мамыру, акъыл хэлъу зэхэгъэкІын зэрыхуейр.

Зи Іуэхухэр тэмэму зэтеухуауэ къыпщыхьу къэралым и Іэпіэзэрытныгъэр зэрымаухэм и щапхъэу Путин Владимир къиубащ Испанием и Каталониер кьыгъэкІынкІэ зэрыхъунур. Президентым къыхигъэщащ ар езы Испанием и къэрал кІуэцІ Іуэху зэрыщытыр, ауэ, УФ-м и Президентым зэрыжиІамкІэ, а къэхъуамкІэ жэуап зыхьыр зы Іуэхум лъэныкъуитКІэ уб1гъдыхэ, абы унафэ дыкъуакъуэ тепщІыхь хъуну къэзыгъпытэхэрщ. Къэбгъэльагъуэмэ, Косовэр Югославием кьыгъэкІынкІэ дзэзыІыгъахэрщ, абыкІэ щытыкІэ шынагъуэ кьагъэхъуу.

Дунейм псынщІэ дыдэу кьыщыхьу зэхъуэкІыныгъэхэм щытепсэлъыхьым къэралым и Іэтащхьэм гу лъаригъэтащ зэхуэмыдэныгъэм революцэ кьишэнкІэ щынагъуэ зэрыщыІэр, лІэщІыгъуэ блэкІам и пэщІдзэм Урысей зызыужьым къызэрыщыхъуам хуэдэу.

«ИлъэсищэитІ ипэкІэ, 1917 гъэм, щыІа революцым и дерсэм нобэ дриплъэжмэ, долъагъу абы къирикІуахэр. Зэгуэхыпі3 имыІэу зэкъуэхуэнащ абы щыгъуэм къэхъуэхэм къахьа зэранигъэхэри сэбэпынагъэхри. Аращи, упщІэ зыхудогъэувыж: революцэкІэ мыхъуу, эволюцэ лъагъуэкІэ зауж хъунутэкъэ?» - жиІащ Путин Владимир.

Къэпсэлъэн иуха нэужь, хабзэ зэрыхъуаеуэ, Президентым жэуап иритащ зэІущІэм къэкІуэлІэхэм я упщІэхэм.

Таллинн (Эстоние) университетым и профессор Мюллерсон Рейн Путиным игу кьигъэкІыжащ зэхьыхь гуэрым УФ-м нэгъуэщІ къэрал ІуэхуэмкІэ и министру щыта Козырев Андрей США-м и президент Никсон Ричард зыхуигъазэу Урысейм зи Іуэху зэрихуэр лъэпкъ Іуэхухьм, атІэ щыхьу псоми я сэбэп зыхэлъхъэщ жиІауэ зэрыщытар.

«Абы кьикІыр Никсоным щхьэ зэрыфІэтырщ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, Козыревым апхуэдэ акъыл иІэкъым. Щхьэ къупщэ иІэщ, ауэ щхьэ фІэткъым», - жиІащ Путиным.

Американ щІэныгъэлІэхэм ящыщ зыр щІэупщІащ иджыпсту Мэскуурэ Вашингтонрэ яІэ зэхущытыкІэр совет лъахъэнэм щыІам кьиззэрыщхьэщыкІым.

«Я зэхуаку дэлъа пщІэр нэхъ лъагэт, - жэуап иташ урысей Президентым. - Си нэгу кьыскуущІэгъэхьэнукъым Совет Союзым и лъахъэнэм и къэралхэм я упщІэхэм щІапІэхэм совет ныпхэр кьыщыфІатхъыу. Фэ апхуэдэу фщІащ».

2018 гъэм екІуэкІыну президент хэхыныгъэхэм теухуа упщІэхэри кьратащ. Къэбгъэльагъуэмэ, Путин Владимир кьеупщІащ УФ-м и президенту цыхубз хахьыным теухуа Іуэхум зэрепльмкІэ. Фигу къэдгъэкІыжьащи, президент хэхыныгъэхэм хэтыну мурад зэриІэр иджыблагъэ жиІащ теленэтынхэр езыгъэкІуэкІ Собчак Ксение.

«Ди деж сытри кьыщыхьуфынущ», - кьыпыгуфыкІащ Путин Владимир.

КъыщынэмыщІауэ, къэралым и Іэтащхьэм кьеупщІащ, Урысейм и командэ кьыхэхар Корее Ищхэм щекІуэкІыну Олимпиадэм хэтыфынм теухуауэ. Президентым къыхигъэщащ Дунейпсо олимп комитетым иджыпсту икъуэкІ кьиззэрытракъуэзр, ди спортсменхэм ди къэралым и ныпым щІэмыту зыкъэрагъэпэльагъуэу, абыкІэ Урысейм и пщІэр ираудыхьыну хэту.

«Урысей Федерацэм и президент хэхыныгъэхэу гъатхэ кьакІуэ екІуэкІыным апхуэдэ щыкІэкІэ зэхъуэкІыныгъэ хилъхьэну зыгуэрым и мурадмэ, ар куууэ щоуэ. Абы кьирикІуэнур езыхэр зыпэмыплъащ икІи олимп зэгуэхьныгъэм хэщІыныгъэшхэу игъуэтынущ», - жиІащ Путин Владимир.

Лъэпкъ стратегиемкІэ институтым и Іэтащхьэ Ремизов Михаил щІэупщІащ 2018 гъэм хахыну президентым и къалэн нэхъыщхьэу щытынухэм.

«Урысейр сыт хуэдэ щытыкІэми хуэлантІэу икІи хьэрхуэрэгъуэхэм апэщІэтыбгъ тщІын хуейщ, - кьыхигъэщащ Путин Владимир. - Къэрал Іуэху зегъэкІуэкІэм и Іэмалхэмрэ щытыкІэхэмкІэ лантІэу. Экономикэ и лъэныкъуэкІэ, технологиещІэхэр къэгъэсэбэпыным хуэунэтІауэ лъэщу хьэрхуэрэгъуэхэм япэщІэтыфу. Зыхъумэжьныгъэ Іэнатіэр дгъэбыдэн хуейщ, дуней псом зэрызиужьым екІуу политикэ щытыкІэри егъэфІэкІуапхъэщ».

ЩІыналъэ куэдым я Іэтащхьэхэр зэрызэрахъуэкІам теухуа упщІи щыІащ. Президентым кьыхигъэщащ нэхъыбэу тегъэщІапІэ ящыщ щІыналъэхэмрэ Урысей псомрэ я къэкІуэнри кьиззэфІэІэзуу щІалэщІэкэр къыхэзыныраУэ зэрыщытыр.

«Валдай»-м зыщытепсэлъыхьахэм ящыщщ Украинэм щыщыІэ щытыкІэри. Путин Владимир кьыхигъэщащ Донбассыр зэщІэхъеенигъэ гуащІэм щыізэщищтам и щхьэусыгъуэр хабзэм къемызэгъыу Украинэм властыр зэрыщаубыдар зэрыарар, абыкІэ кьуаншагъэ зыбгъэдэлъыр Европэраус зэрыщытыр. Ар зэрегупсысымкІэ, щІыналъэм щыщыІэ щытыкІэр зауэ ІуэхукІэ зэпІэзэрыт ящІыну иужь ихьэмэ, Сербием и Сребреницэ кьалэм кьыщыхьуа гуауэм хуэдэм кьытригъэзэнкІэ шынагъуэ щыІэщ. Абы зэрыжиІамкІэ, Урысейм щытыкІэр апхуэдэм нигъэсынукъым.

2018 гъэм екІуэкІыну президент хэхыныгъэхэм хэтыным теухуауэ жэуап пыухыкІа Путин Владимир кьеупщІащэм яритакъым.

ЩІЭНЫГЪЭЛІХЭМ Я ІУЭХУ ЕПЛЪЫКІЭ

Социальнэ къэхутэныгъэхэм я щІэныгъэ институтым (ЭИСИ) и унафэщІхэм я совет тым хэт Кузнецов Глеб кьыхэзыгъэщамкІэ, Путин Владимир и къэпсэлъэныгъэр ар ООН-м зэхъуэкІыныгъэ хэзылъхьэну мурад зыщІа Трамп хуэгъэза жэуапщ. Абы къыхэкІуэуи, урысей лІыщхьэм жиІащ Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгуэхьныгъэр зытет хабзэхэр зэрыдгИыгъыр.

«Путин Владимир иджыри зэ кьыхигъэщащ дунейпсо зэхущытыкІэхэм лъабжьэ яхуэхъуфыну мардэхэр: ар я хуитныныгъэкІэ зэхуэгъэдэн, зэгурыІуэныгъэхэм тетын, суверенитетым, къэралым, щІыналъэм я гъэнапкъэхэм пщІэ яхуэщІын Іуэхугъуэхэрщ, - жиІащ щІэныгъэлІым. - А зыращ, ар зэрегупсысамкІэ, дуней псор шынагъуэншэу, къэралыгъуэхэм пщІэ зэхуащІу зыщІыфынур. ООН-м кьыгъэльагъуэ щалъхъэжэн тету псори зэкъуэту дунейр ящхуэну кьыхихьащ абы».

ФедерацэмкІэ Советым Дунейпсо ІуэхухэмкІэ и комитетым и унафэщІ и япэ хуэздзэ Джабаров Владимир зэрелъмкІэ, Урысейм и Президентым и кьухьэпІэ лэжьэгъуэхэр зэпсэлъэныгъэм кьыхуриджащ.

«ИкъуэкІэ дахэу зэпсэлъащ. Сыщогугъ КьухьэпІэм Путиным и кьыхуеджэныгъэр зэхихьну. Абы зыри игъэкъуэншакъым, атІэ зэпсэлъэныгъэхэм кьыхуриджащэу араш икІи жиІащ: «Ипэкіэ дыжгъэкІуатэ». Гукъинэж хуащІ ядернэ Іэшэр гъэмэщІэным теуауэ жиІахэр. КьыззэрыщІэныкъмкІэ, 1992 гъэ лъандэрэ американхэм дыкьагъапцІэу аращ. Пщэрылъ зыщытщІыжахэр дгъэзащІэурэ куэдри дэтчыхащ. Абы кьыпкІуэу зыри кьытІэрыхьакъым. Ар иджыри зэ щыхьэт тохъуэ КьухьэпІэр пэжым тету сытым деж кьиззэрыдГгъэзмытам», - кьыхигъэщащ сенаторым.

«Мыр икъуэкІэ зыхуэсакъыпхъэ унэтІныгъэщ. Нэхъыбэм ящІ унафэмкІэ псори зэхэкІынукъым, лъэпкъ псомэ я Іуэху епльыкІэр кьэльытапхъэщ. Нэхъыбэм зэрыжаІэм тету Іуэхур зэфІэхьныжьр - большевикэм я Іэмалщ, ди ныкъуэкъуэгъуэхэм дызэрагъэкъуаншэу щытащ, - кьыхигъэщащ сенаторым. - ООН-р зыри кьиззэрымыкІ зэгуэхьныгъэ хьурэ, ШынагъуэншагъэмкІэ Советым дунейпсо политикэр имыубзыхужу абы и пщІэр фІэкІуэдмэ, дэ дунейпсо зэхъуэкІыныгъэшхуэхэр кьытпэщылъщ, зэпэщІэтыныгъэшхуэхэри хэту».

Къэрал щІыб политикэр Президентым и къэпсэлъэныгъэм нэхъыщхьэу щыщытащ. ЭИСИ-м щІыналъэ программэхэмкІэ къудамэм и унафэщІ Колядин Андрей зэрелпльмкІэ, а уэзтІныныгъэм урысейхэм я дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ, сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, абы кьегъэльагъуэ ди къэралым дунейпсо утыкум увыпІэшхуэ зэрыщиубыдар.

«Путин Владимир зэрылажьэ лъэхъэнэхэм Урысейр къэрал кІуэцІым лъэ быдзкІэ щыврри, дунейпсо утыкум, Сириеи, и псалъэ щыжиІэу щІидзащ. Ди къэралыр кьалъытэ хъуащ. Дунейм сыт кьыщымыхъуами, - дэнэкІи «Мэскуу и Іэр» щалъагъу, уеблэмэ нэгъуэщІ къэралым и президент хэхыныгъэхэм. А псори щыхьэт тохъуэ ди къэралыр хуэфэщэну лъэ быдзкІэ зэрыщытым», - жиІащ щІэныгъэлІым.

РОЖКОВЭ Наталье, ЛАДИЛОВЭ Еленэ.
«Известия»

Эрдоган Вашингтон пэщІоувэ

● Іэщэ

Тыркум и президентым фІэфІ хъуакъым и къэралым Урысейм щащІ С-400 зенит ракетэхэр кьиззэрищэхум теухуауэ США-м жиІаХэр.

«ДИ УНЭМ дэращ щыхэгъэрейр», - апхуэдэ жэуап иритыжащ Тыркум и Іэтащхьэ Эрдоган Реджеп Тайип Анкара С-400-хэр Урысейм кьиззэрыришынур кьыщищІам, США-м ар игу зэрыримыхьар къригъащІэу жиІахэм пидзыжу.

С-400-хэм я Іуэхур кьиззэрежьэрэ куэд щІащ. Тыркудзэхэм зенит ракетэ системэхэр кьащэхуну зэрыхьэзырым теухуа хьыбар нэгъабэ щыІащ. С-400-хэр кьыщэхуным и мызакъуэу Эрдоган жиІауэ щытащ урысей технологиехэмкІэ ахэр езым я деж кьыщІэІуэ гъэкІыну зэрыхуейр. Зэпсэльэныгъэхэр кІыхьу икІи гугъуу екІуэкІащ. Зэман кІыхькІэ Урысейм и дзэ учафэщІхэм абы теухуауэ зыри жаІакъым. Язныкъуэхэм кьызыпхагъэІуэкІырт: «Иджы Тыркум иІэнущ урысей къуэхьлъатэхэр кьиззэрыридыхьын».

Тыркум и президентым жиІащ Мэскуу зэгурыІуэныгъэ ирищІыпІауэ, икІи «Тхьэм жиІэмэ, зэман кІэщІым кьриубыдэу С-400-хэр ди къэралым щытлъагъунущ». Зи гугъу ищІар ахэр Урысейм щыгъуу кьыщІагъэкІынырщ.

НАТО-мкІэ Тыркум и дарэгъуэхэр зэгурыІуэныгъэм щыгуфІыкІакъым. Пентагон и официальнэ лъыкІуэ Майкл Джонни къыхигъэщащ Тыркум С-400-хэр Мэскуу и деж кьиззэрыщищэхумкІэ Вашингтон зэрымыарзэыр. Абы и псалъэхэм кьиззэрыхэщамкІэ, США-р абы егъэпІейтей. «Сыт-тІэ, фэ дыныввэжьэн хуейуэ ара?» - щІэупщІащ Тыркум и Іэтащхьэр. АбыкъыззэрилъытэжкІэ, Вашингтон зенит ракетэ комплексхэр кьыщимыщэм, Мэскуу зэрызыпищІамкІэ щІагъэкъуэншэн щыІэкъым.

«С-400-хэр кьиззэрыщэхуным и хъыбарыр кьыщащам язныкъуэхэр апхуэдизкІэ губжьати, кьыпхуэщІыкъужынтэкъым. Сытыт атІэ тщІэн хуеяр? И шынагъуэншагъэр кьиззэригъэпэщын папщІэ Тыркум и щхьэ и унафэ ищІыжу щытащ, иджыри ищІыжынущ», - кьыщыхэщащ Эрдоган и къэпсэлъэныгъэм.

«Наша версия»

● Шэшэн

Унагъуэхэр зэрагъэкІуж

Шэшэным и Іэтащхьэ Кадыров Рамзан арэзы техъуащ унагъуэ псалъэмакъхэр зэпІэзэрыт зыщІыж комиссэм и лэжьыгъэм.

ФИГУ КЪЭДГЪЭКІЫЖЫНЩИ, а Іэнатіэр кьиззэрагъэпэщауэ щытащ республикэм унагъуэхэр нэхъ быдэ щыщІын мурадкІэ. Нобэкіэ абы и лэжьакІуэхэм зэрашэлІэжьфащ нэхъапэм зэбгъэдэкІыжауэ щыта зэщхьэгъуэсэ миным щІигу. Адэкіэ Щэхущэм и унафэщІхэм я мурадщ сабий мини 4-м щІигъум ядэІепыкъуну ахэр унагъуэ тэмэмым ящыщыхъунымкІэ. Республикэм и Іэтащхьэм зэрыжиІэмкІэ, иджыпсту а сабийхэр гугъу йохь я адэ-анэхэр зэрызэдэмыпсэум и зэранкІэ. «ДыкъызэпІэкІыжмэ, тегъэчыныхьауэ жытІэ хъунущ, мы комиссэр кьызэгъэпэщыным теухуауэ кьэтщта унафэр псыхэкІуадэ мыхъуауэ, - жиІащ Кадыров Рамзан. - ИкъуэкІэ лэжьыгъэшхуэ иригъэкІуэкІащ абы унагъуэхэр нэхъ быдэ щыІыным теухуауэ». ЗэбгъэдэкІыжа зэщхьэгъуэсэхэр зэгъэкІужныным мыхьэнэшхуэ щІиІэу республикэм и унафэщІым кьилъытэр и нэхъыбэм щІэпхъаджагъэ зылэжьхэр адэ-анэнэшу е тІум я зыр зыщхьэщымыту кьэхъуахэрэу зэрыщытырщ.

А псом кьадэкІуэу, хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм зэбграгъэхащ унагъуэ зэбгъэдэкІыжахэр уеблэмэ залымыгъэ хэлъу зэрызэрагъэкІужам теухуа хъыбархэри. Щыхьэтэминыгъэхыбарым кьиззэрыщыхьамкІэ, республикэм и дин Іуэхущ1апІэм унафэ кьыщащтащ зэщхьэгъуэсэкэр щызэбгъэдэкІыжым деж щыхьхуэм и щхьэгъуэсэм сом мин 300 иритын хуейуэ. Икіи зэбгъэдэкІыжьын щхьэкІэ щхьэусыгъуэшхуи яІэн хуейуэ.

БАЙРАКОВ Зубайр.
ТАСС хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэ

Урысейм и псыежэх нэхъыщхьэ Индыл (Волгэ) яхъумэным теухуа программэ Правительствэм зэхигъэуващ. Апхуэдэ хъыбар кьитащ УФ-м и Президентым транспортымкІэ, экологиемрэ щІыуэпсыр хъумэным и ІуэхухэмкІэ и лІыкІуэ щхьэхуэ Иванов Сергей. Нэхъапэ Іуэхэ УФ-м и Премьер-министр Медведев Дмитрий жиІащ Индыл къэралым и псы нэхъ фІеиІ дыдэу зэращытыр.

● Щіыуэпс

Мыхьэнэшхуэ зиІэ псыежэх

ПСЫР КЪЕГЪЭЛЫНЫР - ар Іэмал имыІэу зэфІэгъэкІын хуей Іуэхущ, ауэ пуду кьоХьулІэнукъым. Абы и гъэкъэбзэным трагъэкІуэдэну загъэхьэзыр сом мелард 245-рэ. Щытыкіэм зи кьуаншагъэ хэлъхэмрэ ар зэрагъэзэкІуэжыну щыкІэмрэ зэхигъэкІащ iz.ru порталым.

Урысейм щынэхъ фІеиІ дыдэ

«Индыл псыр Урысейм щынэхъ фІеиІ дыдэщ, - щыжиІащ Медведев Дмитрий «Индыл псыр хъумэным, ар фІеиІ емыгъэщІыным икІи тэмэму къэгъэсэбэпыным теухуауэ» шыщхьэуІуэ екІуэкІа зэІущІэм. - Индыл псым и экологие щытыкІэр щІагъуэкъым, уеблэмэ зэрыпсом щынэхъыкІэщ. Абы хольадэ Урысейм и псыщІэж фІеиІхэм я процент 38-р. ЩІэныгъэлІхэм кьиззэральытэмкІэ, Индылым езым зэрызигъэкъэбзэжк Іэмалхэр иухащ. Зыри дымыщІэмэ, илъэс зыбжанэкІэ зи гугъу тщІы псыр щІыхуэм кьагъэсэбэп мыхьужу кьэнэнущ».

УФ-м ЩІыуэпсымрэ экологиемкІэ и министерствэм кьиззэрибжамкІэ, Индыл псым илъэс кьэс псыщІэжу километр зэбгъуэзнатІи 6 хауГІыщхьэ, абыхэм ящыщу процент 90-р ямыгъэкъэбзауэ. Аращи, псым хохьэ ар фІеиІ зыщІ пкъыГуэ тонн мелуани 2,5-рэ. КьищынэмыщІауэ, щІэтІысакІуэ абы и лъащІэм щІэлъщ техникэ мини 2,5-м щІигъу, абыхэм щІыдагъ кьиззэрырашэкІыу щытахэри яхэту.

Индыл кьыхэльадэ псы нэхъ инхэу Окарэ Камэри нэхъ фІеиІ дыдэхэм хабжэ. Щытыкіэ Іейм итщ абы кьыхэхуэ адрей псы щІыкІуэхэри. Новгород Ищхъэрэм и закъуэ апхуэдэу 12 щыІэщ. Нэхъ фІеиІ дыдэу икІи химие и лъэныкъуэкІэ пкъыГуэ нэхъыбэ хэлъу я кьалъытэ Ржавкэ псыр. «Псым дыдэІепыкъунщ» экологие зэщхьэхъеенГыныгъэм хэтхэм зэрыжаІэмкІэ, кьалэм дэж псыхэм «псэ яІутыжкъым».

Калифорнием (США) и университетым и щІэныгъэлІхэм кьиззэральытамкІэ, Индылым и Іуфэхэр дуней псом щынэхъ фІеиІ дыдэу 10-м яхэтщ.

Псы Іуфэм уІутми, абы уи псыхуэлІэ щибгъэкІыфынукъым

Цыхур щІыуэпсым зэрегуаузм и зэранкІэ, Индыл псым зэрызигъэхъэбзэж зэфІэкІхэр хуэди 10 бжыГэкІэ нэхъ мащІэ хуауэ, И хуабагъми зихуэжащ. И кьыщІэжьпІэмкІэ мылхэр нэхъыбэрэ щытелъ хуауэ. Нэхъапэм псы ежэхым и Іуфэхэм кьыІуихьэу щытащ тонн мелуан 50-м щІигъу минерал пкъыГуэхэр. Иджы псыр зыщІагъэлъадэ щІыхэм ахэр щІыгъэпшэр яхуэхъыным и пІэкІэ токсичнэ пкъыГуэхэм хозэрыхьри, и лъабжьым йотІысэх.

Псыежэхыр нэхъ хуабэ зэрыхъуам кьирикІуащ ар нэхъ пасэу «гъэгъэныр». Абы иджыри гукъеуэ кьехъ: псы лъащІэм и ныкъуэм нэхърэ нэхъыбэр яубыдащ хьэндыркъуакъуэцІэнлъ щІыхуэ-удзыфэхэм. Абыхэм кьахокІ пкъыГуэ 300-м щІигъу, и нэхъыбэр щхьхуэу.

Псыр апхуэдизу зэрауфІэйм кьыхэкІыу Рыбинск, Куйбышев, Волгоград деж иІэ псы хъумапІэхэм хэс бдзэжьейхэм я процент 70-м инфекцэ зэмылІэужьыгъуэхэр япкърытщ, Горькэм деж щыІэ псы хъумапІэм а бжыГэр процентI 100-м щыноблагъэ. Апхуэдэ щытыкІэр кьыщІэхъуам и щхьэусыгъуэщ Индыл гидроэлектростанцхэр зэрытращІыхьар. Псым и зекІуэкІэщІэм абы и экологием зригъэхъуэжащ. Бдзэжьейхэр сымэджкэныр кьеушэ ар нэхъ хуэму ежэх зэрыхъуам, псы хъумапІэхэм ятІа-гъуэр зэрыщыізэтрихьам, Индылрэ абы кьыхэхьадэ псыхэмрэ нэхъ чэнж зэрыхъуам. ПсыіущІэхэр яухуэн и пэкІэ Индыл и псыр Рыбинск кьыщыщІэдзауэ Волгоград нэсыхукІэ жэщ-махуэ 50-кІэ, псым зыкъыщІэтам и деж - 30-кІэ нэсу щытащ. Иджы а гъэугъанэ дыдэр махуэ 450 - 500-кІэ зэпичьфу ящІ. Индыл псым и хуабжьагъыр хуэдэ 12-кІэ ужьыхащ. Абы кьыхэльадэу щыта псы щыкІу мини 150-м я процент 30-р гъужащ.

А псори зэран яхуохъу цІыхум и узынщагъэмрэ и гъащІэмрэ. Апхуэдэу Новгород Ищхъэрэ областым хыхьэ Чкаловэ районым щыпсэухэм я бжьамийхэм ильэситху хъуауэ кьижьыр псы фІеиІщ, Кстовэ (ари Новгород Ищхъэрэ областым щыщщ) мы гъэм и пэщІэдзэм псы фІеиІм и зэранкІэ инфекцэ кьыщыхъеІ пэтащ.

Хэт кьуаншэр?

Индылыр зэрауцІэнІам куэдым я зэран хэлъщ. Псом япэрауэ, ар ЖКХ-м и Іуэхущ1апІэхэрщ, щхьэгъэльагъуэмэ, псыщІэжхэр псыежэхым зыкъыгъэтІыпщхьэ водокалэхэрщ. Абыхэм кьалъэс псым хаутІыпщхьэ фІеиІм и процент 60-р. Илъэс кьэс апхуэдэ Іуэхущ1апІэхэм щрагъэкІуэкІ кьэпщытэныгъэхэм кьагъэльагъуэр лъэр щІэзыгъэхущ: псыщІэжыр зэрагъэкъабзэ ухуэныгъэхэр жьы хъуащ икІи я кьалэным пэлъэщыжьыркъым. КІэлъыплъакІуэ Іэнатіэхэм хабзэр кьызэпызыудэкэр жэуапым ирашалІэ. Арщхьэкіэ, псыр зэрагъэкъабзэн Іэмэпсымэхэр зэрызэрахъуэкІын мыльку зэрыщымыІэм кьыхэкІыу щытыкІэм зрагъэхъуэжьыфыркъым.

Индыл кьегъэщІылІащ Урысейм и промышленнэ предприятэхэм я процент 45-р. Абыхэм я кІэрыхубжьэрыхуэхэр псыежэхым хаутІыпщхьэ. Аращи, псыр зыуфІей апхуэдэ тэн мелуан бжьыгъэхэр зэрихьащ. Абыхэм я нэхъыбэр щхьэхъщ.

ЩІыуэпсымрэ экологиемкІэ министерствэм псы гъэтІылъыгъэхэмрэ гидрометеорологиемкІэ и департаментым и унафэщІ Кирillов Дмитрий зэрыжиІамкІэ, шынагъуэм и рейтинг жьхуэІэм хуэдэ зэхагъэувэ. Зэкіэ кьахутащ индыл псыгуэным хьыхь фІеиІхэм я процент 90-р кьиізыбгъэдэкІ Іуэхущ1апІэхэр.

Псышхуэр зэрыхуа щытыкІэ хьэлъэ и я зран хэлъщ абы и Іуфэхэм щыпсэу цІыхухэмэ.

«Экологие щІэныгъэ зэрыпам щахурикъуркъым, ауэ щІыуэпсыр кьызыфІэмыІуэхухэр куэдщ - езы цІыхухэр егупсысыркъым яложьа-хэм кьирикІуэнум. Ар псы фІеиІ хатІыпщхьэм и закъуэкъым, атІэ псы Іуфэхэм кьыщагъанэ пхъэнкІийхэрщ, уеблэмэ абы хадза тутын кІэфырщ», - кьыхигъэщащ РАН-м псы Іуэхухэмкіэ и институтым и лабораторэм и унафэщІ Болгов Михаил.

Сыт щІапхъэр?

«Индыл псыр хъумэн, ар яуфІеиныр кьызэтегъэувыІэн» - апхуэдэ фІэщыгъэ иІэщ псыр кьегъэлыным теухуа, ІыхьитІ хуэ проектым. Ялэ Іыхьэм хиубыдэу ухапщытэнущ псыр зыдэж щыІналъэ 17-м щылажьэ Іуэхущ1апІэхэу зи фІейр абы хэзыутІыпщхьэхэр икІи абыхэм зэфІагъэкІын хуейхэр хуагъэувынущ. ЕтІуанэр хуэунэтІащ псы Іуфэхэр гъэхьэбзэным. А псом кьыдэкІуэу Іуэхущ1апІэ 200-м щІигъуу зи псыщІэжыр Индыл хэзыутІыпщхьэхэм ар зыгъэхьабзэ ІэмэпсымэщІэхэр щагъэувынущ е щыІэхэр щІэзыгъэпэщыжынущ.

КьищынэмыщІауэ, Іэщ1агъэлІхэм псыкІэ кьиззэрагъэпэщыжыну я мурадщ Индыл - Ахтубэ псы лъагъуэр. Ар ГЭС-м зэхъуэкІыныгъэ зыхимылъхьа щІы Іыхьэхэм ящыщщ. Нэхъапэм абы псыр ирикъуу игъуэту щытащ икІи кьэкІыгъэхэмрэ псэущхьэхэмрэ щыкуэдащ, ауэ иджыпсту нэхъ кІащхъэ зэрыхъуам и зэранкІэ зыпхъэщу щыІэщ щыналъэм и щытыкІэр нэхъыкІэ хъункІэ.

Проектыр зи Іэдакъэщ1эхІэм я мурадщ 2025 гъэм ирихьэлІэу Индылыр фІеиІ зыщІ псыщІэжхэр иджырей процент 90-м кьырагъэхъу процентI 10-м нагъэсыну. Апхуэдэу псым и Іуфэ километр 1171-рэ ягъэхьабзэу зэрагъэпэщыжыну трауХуащ. «ЩІыдагъэ, промышленнэ Іуэхущ1апІэхэм я кІэрыхубжьэрыхуэр псым хьыхьэнэр хъабгъэхъу зыунукъым, - жиІащ Кириллов Дмитрий. - Мы Іуэхугъэм кьызэщІеубыдэ экологием зэран хуэхъу кхъухьэу Индыл щІэтІысыкІауэхэлъхэрабыкъыхьэхьыжьри. Ялэщ1ыкІэ нэхъ мыхьэми кьыдэхьеижьн хуейщ гъэсыныпхъэ куэду зэрыту щІилъэфахэр».

Псы хъумапІэхэр зэращІам и фІыгъэкІэ щІыналъэхэр псыкІэ кьиззэгъэпэщыным пыщІа гугъуехьхэр нэхъ мащІэ хъуат, арщхьэкІэ а Іуэхугъуэхэр Индыл Ищхъэрэм зэран хуэхъуащ. Абы кьирикІуащ белугэ бдзэжьейр процент 98-кІэ, осётрыр процент 80-кІэ, севрюгэр процент 40-кІэ мащІэ зэрыхъуар. Осётрым жьлэ щиГэтІылъу щыта гектар мини 3,5-м щыщу кьэнэжар гектар 430-рэщ. ЩытыкІэр зэпІэзэрыт ящІыжьын папщІэ кьыхалъхьа проектым и паспортым Іэмал зыбжанэ кьыщІихьащ. Ар псы лъагъуэр нэхъ хуит щІыжьынущ, гидротехникэ ухуэныгъэхэр егъэфІэкІуэныщ, бдзэжьейхэр зэресых-хьэзырыдэсеижь лъагъуэхэр зэгъэпэщыжьынущ, псэущхьэ лІэужьныгъуэхэр гъэбэгъуэжьынущ.

Индылыр гъэкъэбзэныным ехьэлІа проектым текІуэдэну сом мелард 245-м щыщу сом меларди 113-р федеральнэ мыльку, сом мелард 42,5-р щІыналъэ бюджетхэм кьыхэкІынущ. Адрей сом мелард 90-р бюджетым хэмыхьэу кьаІэрыхьэнущ.

ДАГАЕВЭ Ксение.
iz.ru

Напэкіуэціыр зыгъэхьэзырар **ЖЫЛАСЭ Замирщ.**

ЦІыхуу ущытыныр зэи тыншкъым

СЫТ ХУЭДЭ уэсят къытхуигъэнар Кулиев Къайсынкіэ зэджэ усакіуэм? Сыт хуэдэ гъэунэхугъуэ - и псэр пхъыкіауэ, гъащіэмэи лэжьыгъэмэ къыхихыу, къыкіэлъыкіуу щіэблэм хуигъэтІылъауэ. Ар къыдгурыІуэн папщІэ, езы усакіуэм и гум диплъэн хуейщ, абы къигъэна псалъэ пэжыр пуду къызэрыпІэрымыхьэр зыхэтщІэн хуэдэу:

Іэуалъауэшхуэр си щІыбкІэ къонэ...
Сыту Іэфі щІакхъуэ хужьыпмрэ къуршыпсымрэ!
Гупсэхугъуэм зети, гуфІэгъуэр зыхэщІэ,
Гуэзвэгъуэ хьэлъэм къела си псэ!

«Усыгъэр тІуакІэ нэхъ къауруфІэ мэхъу, ар зытхам и лъымрэ и Іуэхуэмкіэ гъэщІамэ, - жиІэрт ешы Кулиевым. - Сэ шэч къытесхьэр-къым и лъэпкыр гугъу щехь зэманым усакіуэр япэ сатырхэм хэтын зэрыхуейм. Зэрабгъэу, мыхьэнэншэу щытыныр усакіуэм екіурхьэм, и бзэм хэлъ къарур зыхимыщІэнымрэ и плъапІэхэр жьгъейуэ щытынымрэ зэремыкІум хуэдэу».

ПлъапІэр мыхьэнэкІэ лІыгъэм пэгъэнгъуш. ЛІыгъэр зауэлІым игъэлъагъуэ хахуагъэм и закъуэкъым. ГъащІэр щымамырыр и деж лІыгъэщ пщэдейрей махуэм ущымышынэу уи псэм зыщІэбгъэкъуэныр. Гушхуэ зыкІуэцІымыльым, икІуэту, и щхьэм нэлат ирихьыжьынри хэльщ. Уеблэмэ «ДокІуэдри-докІуэд» жиІэу, хуэмыфащэ зэоштегъуэпІэ икІэхэм зыдригъэхьэхьу, цІыхум зигъэкІуэдыжьынкІи хъунущ, «иужьрей сыхьэтым» щыщІэу. Гуэщ апхуэдэхэм уаІуплъэну. Дауэ уэзрыпсэунур? ГъащІэм и пщІэр ехуэхащ зэуэ. Кулиевым Іупщ Іу елъагъу нобэрей дунейм щыпсэу цІыхум игурэ и щхьэрэ зэрыгъэтемылъыр:

Си адэм Алыхьыр и фІэщ хъурти,
«Дауэ дыхъунуІ?» жиІэу зы махуи гужьеякъым.
Дэ дыпсэуну куэдкІэ нэхъ къыдохьэлъэкІ...

Сыт ищІапхъэр иджырей усакіуэм? Ар щыму щыс хъунукъым! Сытыт Пушкиным ищІэнур? Дяпэ итахэр нэхъ тыншар пэж? Хьэуэ. ЦІыхуу ущытыныр зэи тыншкъым! Гъуэзджэм игъащІэ лъандэри и къалэн нэхъыщхьэр цІыхур псэуныгъэм пигъэлъэщынырщ, сыт хуэдэ щІыкІэу гъащІэм зимыгъаэмри, ар фІыуэ иригъэлъагъунырщ. Араш плъапІэр лІыгъэм хуэбгъадэ щІэхъунур. ПлъапІэ уимыІэжу узыщІынкІи хъуну щапхьэхэр щыгъунэжщ гъащІэм. Ауэ усакіуэм и Іумпіэр иутІыпщмэ, ар Усыгъэм епцІыжауэ, абы и пащхьэм гуэныхьышхуэ къыщихьауэ къыщІокІ.

Къайсын уэрхьымрэ мэкъумэшыщІэмрэ зы цІыхум и хьэлым къыщыздрихьэкіыу псэуфырт. И фІэщ хъууэ зытет пэжым ар къызэрыпхутешын щыІэтэкъым. Абы ЦІыхум и ПщІэ лъагэр и плІэм дэлъу кірихьэкіырт, къызыхэкІа бгьэкэ зэи щымыгъупщэу. Бгьырыс Къайсын яжриІэрт къуршхэм: «Фэ фи щхьэкІэ щыІэр дыгъэмрэ Тхьэмрэщ!» ИкІи а псалъэхэм пагагъ лъэпкъ хэлътэкъым, дэтхэнэ зы цІыхуми ар насыпыфІэ зэрыхъуфынур и фІэщ ищІыну зэрыхуейм фІэкІа. Кулиевым шэч къытрихьэртэкъым, Іэщ Іагъэм и мыхьэнэр убгъуэкъ ебапщтэмэ, хэти зэрыусакіуэр. Усэныр абы къызэрилъытэр лэжьыгъэутэкъым - гъащІэ зыхэщІэкІэут, псэ пІуту дунейм утетын къалэныр къызэрыпхутэн Іэмалут.

И лъэпкъым къыхуихуа гугъуехь псори зыхищІащ усакіуэм икІи гукъанэр зытримыгъакІуэу, и гур бзаджэ имыщІу, дахагъэм хуэгумащІэу ихъумэфащ:

Кхъухьым Одиссей Итакэ зэришэжам хуэдэу,
Сэри Шэджэм сыкъэсыжащ...
Сыкъелащ. ИтІани, гъуэгу сытетыхукІэ,
ГъащІэм псысэ шынагъуэт къызжиІэжахэр.

Телъыджэт уи Хэку къэбгъэзэжыныр! Сыт-тІэ сэ мы сатырхэм си щхьэфэцым зыщІрагъэІэтыр? Езы Къайсын и псалъэр сигу къэкІыжащи араш: «ЦІыхухэр иджыпсту мэгузавэ, щІыр - щІыуэ, псыр - псыуэ, щІакхъуэр - щІакхъуэу къэнэжыну пІэрэ жаІэри. Ауэ махуэ блэкІым къыпкІэлъыдэ упщІэр нэхъ шынагъуэщ: цІыхухэр щІыхуу къэнэжыну пІэрэ? Шынэм дэ тщыщхэр щІыхукІэ уэзджэк мыхъун гуэр имыщІу пІэрэ? Ауэрэ усэм хьэршым и къарур къыхохьэ. ЦІыху щхьэхуэм и закъуэ хуэхьыныкъым мы къалэныр, псори дызэгъусэн хуейщ. Псоми я пІэкІэ гупсысэну зи пщэ дэлъ усакіуэм зыкъигъэпцІэжыну хуиткъым».

АЙТМАТОВ Чингиз,
къыргъыз тхакіуэ,
Ленин саугъэтым и лауреат.
1977 гъэ

● Фестивалхэр

Темыркъан Юрий и цІэкІэ

Налшык и Музыкэ къэрал театрым жэпуэгъуэм и 23-м къыщызэІуахащ СССР-м, РСФСР-м, КъБР-м я цІыхубэ артист, УФ-м и Къэрал саугъэтымрэ Глинкэ и цІэр зезыхьэ саугъэтымрэ я лауреат, Санкт-Петербург щІыхь зиІэ и цІыху, а къалэм и къэрал филармониеи и Академическэ симфоние оркестрым и художественнэ унафэщІ, дирижёр цІэрыІуэ Темыркъан Юрий и цІэкІэ УФ-мрэ КъБР-мрэ щэнхабзэмкІэ я министерствэхэм къызэрагъэпэща, Симфоние макъамэм и VI дунеипсо фестивалыр.

МУЗЫКЭ театрым и пэІущІэ пэшым щагъэуват Темыркъан Юрий и гъащІэмрэ и гуащІэмрэ теухуа гъэлъэгъуэныгъэ гъэщІэгъуэн. Абы къызэщІагъэуфыбдащ Темыркъаным и унагъуэм, и лэжьэгъуэхэм, цІыху цІэрыІуэхэм я гъусэу зытригъэха сурэтхэр, дирижёрым и зэфІэкІкІэм ятеухуауэ цІыху щхьэхуэхэм жаІа псалъэ гуапэхэр, газетхэмрэ журналхэмрэ къытехуа тхыгъэхэр.

КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** концертыр къыщызэІуихым къыхигъэщащ Темыркъан Юрий и цІэр зезыхьэ, Симфоние макъамэм и VI дунеипсо фестивалым куэд къызэрекІуэлІар республикэм исхэр классикэ музыкэм хуабжьу зэрыдихьэхым зэрищІыхьэтыр. КърихьэлІахэм фІыщІэ яхуищІа нэжь, министрым зэхуэсахэм Темыркъан Юрий кьІбгъэдэкІ фІэхъусыр ярихьжащ, псалъэ гуапэхэр яжриІэжащ.

- Хабзэ зэрыхъуауэ, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ и цІыхухэр дызытелажьэр щІэблэр гъэсэныгъэ. Мы фестивалри зыхуэунэтІар республикэм исхэр, къыдэкІуэтей ныбжьыщІэхэр классикэ макъамэм дегъэхьэхьныгъ, абы хэлъ псэгъэгуфІэ-дахагъэр фІыуэ егъэлъагъунырщ, - жиІащ Къумахуэм. - Налшыкдэсхэр фыкъыхуэзоджэ фестивалым и программэм фыкІэлъыплІыну, абы хьыхьэу екІуэкІыну концертхэм зыкъревгъэхьэлІэну. Щэч хэлъкъым ахэр щІэщыгъуэ, гъэщІэгъуэн зэрыфщыхьунум.

Фестивалым и пэублэ концертым и программэр къызэІуахащ Москва и «Геликон-опера» музыкэ театрым и уэрэджыакІуэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артист, «Урысейм и лъэпкъ хъугъуэфыгъуэ» саугъэтым и лауреат **Гужов Михаилрэ** Москва и къэрал филармониеи и лэжьакІуэ, УФ-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и дыщэ медалыр зыхуагъэфащэ, дунеипсо зэпеуэхэмрэ фестивалхэмрэ я лауреат **Теплухинэ Элеонорэрэ**. Гужов Михаилрэ Теплухинэ Элеонорэрэ ягъэзэщІащ дунеипсо классикэ макъамэм и фІыпІэу къалъытэхэм щыщ куэд.

Гужов Михаил макъ гъуэзджэ зиІэ, актёр Іэзагъэ ин зыбгъэдалъ уэрэджыІакІуэщ. Москва Чайковскэм и цІэр зезыхьэ къэрал консерваторэр 1995 гъэм къиухащ абы. Ар къалъытэ оперэхэми эстрадэ уэрэдхэми зэхуэдэу хуэІэкІуэлъакІуэу. Ар Театр Иным ирагъэблагъэ уэрэджыакІуэщ икІи дирижёр куэдым ядолажьэ. Артистым Урысейм, дуней псом концертхэр щет, цІыхушхуэ къекІуалІэу.

Гужов Михаил пашэ щыхъуащ Рахманинов Сергей и фэеплъ къызэрагъэпэща етІуанэ дунеипсо зэхьэзэхуэм, оперэ уэрэджыакІуэ щІалэхэм я етІуанэ дунеипсо зэпеуэм, Римский-Корсаков Николай и цІэкІэ екІуэкІами и лауреатщ. КъищынэмыщІауэ, абы къыхуагъэфэщащ Шаляпин Фёдор и цІэкІэ ягъэува сауГъэтыр, актрисэ цІэрыІуэ Архиповэ Иринэ и фондым и саугъэтыр, «ЛІэщІыгъуэм и псапащІэхэр» дунеипсо псапащІэ фондым и дыщэ медалыр.

Концертыр ягу дыхьащ классикэ макъамэм едэІуэну къэкІуахэм. Абыхэм хьэщІэхэм Іэгуауэшхуэ хуаІэтащ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Елькъэн Артур** *трихащ.*

ГукъэкІыжхэмкІэ ядогуашэ

● Щэнхабзэ

ЩІалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ я творчествэмкІэ республикэ уардэунэм иджыблагъэ щекІуэкІащ Кулиев Къайсын къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъум и щІыхькІэ къызэрагъэпэща литературнэ пшыхь-зэпеуэ.

АБЫ КЪРИХЬЭЛІАТ Кулиев Къайсын и Іыхьлыхэр. Ахэр усакіуэшхуэм теухуа гукъэкІыжхэмкІэ ядэгуэшащ къызэхуэсахэм.

КъэкІуэлІахэм фІыщІэ яхуищІу къэпсэльащ ЩІалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ я творчествэмкІэ республикэ уардэунэм и унафэщІым и кІуэдзэ ПщыукІ Анютэ. Усакіуэм и гъащІэм теухуа гъэщІагъэуэнэр еджакІуэхэм яжриІэжа нэужь, ар дэтхэнэми ехъулІэныгъэ ялэну ехьуэхьуащ.

Пэшым щІэсхэм ярІэфІу едэІуащ Кулиев Къайсын езыр и усэхэм урысыбзэкІэ, балъкъэрыбзэкІэ къеджэу магнитофонкІэ ятхауэ щытахэм. Апхуэдэу къызэхуэсахэр итхьэкъуат Тэрч къалэ дэт 3-нэ курыт школым и 7-нэ классым щІэс Бэрэгъэн Сэлим и усэ къеджэкІами.

Іыхьитіу гуэшауэ екіуэкіа зэпеуэм хэтащ курыт школхэм къикІа сабий 52-рэ. Ялэ Іыхьэм еджакІуэхэм Кулиев Къайсын теухуауэ эссе щатхри, и зы усэ щызэпкърахащ. ЕтІуанэ Іыхьэм усакіуэм и Іэдакъэщ Іэкіхэм кьыщеджащ, и гъащІэм и кьекІуэкІыкІам зэрыщыгъуазэр игъэлъэгъуащ.

Зэпеуэм и мурад нэхъыщхьэр сабийхэр ди тхакіуэхэм я ІэдакъэщІэкІхэм дегъэхьэхьын, куууэ щыгъэгъуэзэн, щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэ ирагъэкІуэкІыу егъэсэныри, ар къызэгъэпэщакІуэхэм кьайхъулІауэ жыпІэ хьунущ.

Зэхьэзэхуэм щытекІуахэр ягъэлъэпІащ щІыхь тхылъхэмкІэ, ахэр зыгъэхьэзыра егъэджакІуэхэми фІыщІэ тхылъхэр ираташ.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

Альберт ящыгъупщэркъым

● Мини-футбол

Иджыблагъэ Нарткъа-лэ щекІуэкІащ Щэшэным хъыбарыншэу щыкІуэда Хьэлыш Альберт и цІэкІэ къызэрагъэпэща мини-футболымкІэ школакІуэхэм я зэпеуэ.

БЛЭКІА лІэщыгъуэм и бгъущІ гъэхэм екІуэкІа щэшэн зауэм гуауэшхуэ къызыхуихьахэм ящыщщ Хьэлыш Роэз. Абы и къуэр, и щІалэгъуэрэ и къару илъыгъуэу, хьыбарыншэу кІуэдащ.

Зы махуи етІысэкахьым Роэз и быныр къигъуэтыжьын папщІэ. Куэдрэ лъэсу къызэхикІухьащ абы и къуэр иужьу здэщыІа Щэшэным и щыпІэхэр, зыхуэзэхэм и быным и сурэт яригъэлъагъурэ хъыбар гуэр ящІэмэ къыжраІэну елъэІуу. Мызэ-мытІэу кІуащ зауэм щыхэкІуэдауэ зи цІэр ямыщІэхэр здрашэлІэж Дон Іус Ростов къалэм и дзэ госпиталым. Арщхьэкіэ и къуэм и лъэужь къудей теувакъым. Абы щыгъуэми Хьэлыш Роэз и фІыгъэкІэ зыкъомым я Іыхьлыхэр къагъэзыжащ. Ар дэтхэнэми щыгуфІыкІырт езым ейм хуэдэу.

Иджыпстуи Хьэлыш Роэз жылагъуэ лэжьыгъэшхуэ зэфІегъэкІ. Ар и унафэщІщ Хэкур яхьумэу хэкІуэдахэм я унагъуэхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм.

Роэз и къуэ Хьэлыш Альберт хъыбарыншэу зэрыкІуэдрэ илъэс зыбжанэ дэкІами, и цІэр ящыгъупщэркъым.

Араш иджыблагъэ абы и щІыхькІэ школакІуэхэм минифутболымкІэ я зэпеуэ Нарткъа-лэ къыщыщыІэзэрагъэпэщари.

Зэхьэзэхуэм кьихьэлІат къалэм и еджапІихми я футболист ныбжьыщІэхэр. Ахэр къикІуэт ямыщІэу зэпеуащ.

ИкІэм-икІэжьым, финалым щызэІущІащ курыт еджапІэхэу №95-мрэ №6-мрэ щІэсхэр. Ар хуабжьу бэнэныгъэ гуащІэ хъуащ. Апхуэдэу щыт пэтми, курыт еджапІэ №95-м и футболист ныбжьыщІэхэм текІуэныгъэр зыІэрагъэхьащ. Зэпеуэм и саугъэт нэхъыщхьэмрэ дипломхэмрэ абыхэм хуагъэфэщащ.

Зэхьэзэхуэм хэта зы футболисти гулъытэншэу къэнакъым. КъищынэмыщІауэ, нэхъ Іэзэу къалъытащ ГъащІэхуауэ ХьэмыкъуэТамерлан (лицей №1), гъуащхьэтет Къардэн Тамерлан (СОШ №2), гъуащхьэхъумэ Хьэкъун СулътІан (СОШ №6), гъуащхьэхъумэныкъуэ Къущхьэ Елдар (СОШ №4). Зэпеуэм и футболист нэхъыфІ хъуащ Щэрыб Елдар (СОШ №5). Топджэгум кІэлъыплъахэр нэхъ къыдэзыхьэхар Мэшыкъуэ Анзорщ (СОШ №3).

Хьэлышх Роэз кърихьэлІа псоми фІыщІэ яхуищІащ и къуэр зэращымыгъупщэм икІи абы и щІэкІэ къызэрагъэпэща зэхьэзэхуэм зэрыхэтам папщІэ.

ХЬЭСАНЭ Борис.

МыІэрысэдыгъуэм заумысыж

Исльэмей къуажэбгъум деж щыІэ жыг хадэм мы гъэм и щыщхьэуІу мазэм щадыгъуащ «Гольден» мыІэрысэ килограмм 900, сом мин 36-рэ и уасэ.

УРЫСЕЙ МВД-м и «Бахъсэн» къудамэм и лэжьакІуэхэм ар илэжьауэ щэч зыхуащІахэр яубыдащ: ахэр плІы мэхъу, илъэс 21 - 23-рэ зи ныбжь ислъэмейдэсхэщ.

Яубыдахэм заумысыжащ, уголовнэ Іуэху къаІэтыну унафэ къащтащ.

КъБР-м щыІэ МВД-м и пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

Сом 1 мелардрэ мелуан 33-рэ и уасэ мылъку кърагъэлащ

КъБР-м МафІэсым пэщІэтыныкІэ и къэрал Іуэхущ Іапі Іэм къыщащ ІтІэжащ мы гъэм и мазибгъум я лэжьыгъэм къриІэуахэр.

2017 ГЪЭМ и щІышылэ - фокІадэ мазэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым мафІэс 1488-рэ къыщыхъуащ (нэгъабэ - 1304-рэ). Абыхэм ящыщу 380-р къэрал статистикэ учетым хеубыдэ. КъБР-м и ГПС-м и Іэнатіэхэм я нэІэ зытет щІыпІэхэм щагъэункІыфІащ мафІэс 301-рэ (2016 гъэм - 278-рэ).

МафІэсхэм кьрикІуащ сом мелуан 31-рэ мин 853-рэ зыхуэзэ мылъку хэщІыныгъэ. Абыхэм щІыхуитІ хэкІуэдащ, 33-м фэбжь зэмылІэужьыгъуэхэр ягъэтащ.

Республикэм и мафІэсгъэункІыфІхэм щІыху 64-рэ кърагъэлащ, 660-рэ щІыпІэ шынагъуэм кърашащ, сом 1 мелардрэ мелуан 33-рэ и уасэ мылъку (нэгъабэ - мелуан 867-рэ) кърагъэлащ.

Унэхэр зэрымыт щІыпІэхэм къыщыхъуащ мафІэс 1040-рэ, унэхэмрэ къуэдзэщхэмрэ - 272-рэ, транспортхэм - 66-рэ.

МафІэсхэр нэхъыбэу къызыхэкІа щхьэусыгъуэхэр: цІыхухэр зэрымысакъыщ (процент 82-рэ), электроІэмэсымэхэр хабзэм тету къызэрамыгъэсбэлырщ (процент 11), ящІэу нэгъуэщІым и мылъку Іисраф зэращырщ (проценти 3), транспорт Іэмэсымэхэм сэкъат зэраІэрщ (проценти 2).

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьакІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэс Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ Іэныджэ Замирэ, ХьэжыкъарэАлик, Щхьэщэмыщ Іи Изэ.**



Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэкІэжьмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапі Іэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епІыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхьэм.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ●